

OU GEN DWA POU GEN YON ORÈ TRAVAY OU KA PREVWA


Selon Fair Workweek Law (Lwa Semèn Travay jis) Eta New York la, anplwayè nan restoran manje rapid yo dwe bay travayè yo orè travay yo ka prevwa. Anplwayè yo dwe afiche anons sa a kote l ap fasil pou anplwaye yo wè nan chak espas travay nan Vil New York.*

Travayè nan Restoran Manje Rapid Lwa sa a Kouvri

Anplwaye ki fè omwen youn (1) nan travay sa yo nan yon restoran manje rapid nan Vil New York:

- sèvis kliyan
- kwit manje
- prepare manje oswa bwason
- livrezon deyò
- sekirite
- ranje machandiz oswa ekipman
- netwaye
- travay antretyen woutin

Lwa a kouvri tout travayè san gade sou sitiyasyon yo ak imigrasyon.



Anplwayè yo pa gen dwa pini, penalize, vanje oswa fè okenn bagay kont anplwaye ki kanpe yo oswa anpeche yo egzèse dwa yo genyen selon lalwa. Travayè yo dwe kontakte OLPS san pèdi tan si yon patwon te vanje yo pou sa. Gade anba a.

Dwa ou yo



Estimasyon Peryòd Travay ak Premye Orè Travay

Nan premye jou travay la oswa avan sa, anplwayè a dwe ba ou:

- Orè ekri pou premye 2 semèn travay yo ak lè, dat, lè pou kòmanse ak fini, ak adrès peryòd travay yo.
- “Estimasyon An Bòn Fwa” (jou, lè, èdtan, adrès ou gen pou w travay pandan ou nan travay la). Anplwayè ou dwe ba ou yon nouvo Estimasyon si Estimasyon an chanje.



Preyavi 2 Semèn Avan Orè Travay la

Anplwayè ou dwe ba ou orè travay ou alekri omwen 14 jou avan premye peryòd travay nan orè a. Orè yo dwe gen omwen 7 jou ak dat, lè peryòd travay la kòmanse ak fini, ak adrès tout peryòd travay yo. Si orè a chanje, anplwayè ou dwe kontakte tout travayè ki afekte yo nan 24 èdtan, oswa pi vit posib.



Priorite nan Peryòd Travay ki Disponib

Avan li anboche yon nouvo anplwaye lè yon nouvo peryòd travay vin disponib, anplwayè ou dwe:

- Pibliye enfòmasyon sou peryòd travay la bay travayè li deja genyen nan Vil New York yo avan sou sit travay ou a epi ba ou enfòmasyon yo dirèkteman pa mwayen elektwonik, ki kapab swa pa tèks oswa imèl.
- Ba ou priorite nan peryòd travay ki disponib sou sit travay la kote peryòd travay yo vin disponib.
- Bay travayè nan lòt sit travay ki enterese nan peryòd travay yo li sèlman lè pa genyen ase travayè nan sit travay la oswa pa genyen okenn ki aksepte li.

Anplwayè ou ka anboche nouvo travayè sèlman si pa gen travayè nan Vil New York ki aksepte peryòd travay la avan dat limit ki afiche a.



Konsantman Plis \$100 pou Peryòd Travay “Clopensing”

Anplwayè ou pa ka pwograme pou ou travay 2 peryòd travay sou 2 jou lè premye peryòd travay la fini yon jou epi gen mwens pase 11 èdtan ant 2 peryòd travay la (yon “clopensing”) AMWENSKE ou bay konsantman alekri EPI ou touche yon prim \$100 pou travay peryòd travay la.



Konsantman ak Salè Prim pou Chanjman ki Pwograme nan Dènye Minit

Anplwayè ou pa ka chanje orè ou nan mwens pase 14 jou avan chanjman an an plas san konsantman ekri ou sak san li pa peye ou prim sa yo:

Kantite preyavi	Plis tan travay oswa peryòd travay	Chanjman nan travay men pa gen chanjman nan tan travay total	Mwens tan travay oswa peryòd travay
Preyavi pi piti pase 14 jou	\$10 pa chanjman	\$10 pa chanjman	\$20 pa chanjman
Preyavi pi piti pase 7 jou	\$15 pa chanjman	\$15 pa chanjman	\$45 pa chanjman
Preyavi pi piti pase 24 èdtan	\$15 pa chanjman	\$15 pa chanjman	\$75 pa chanjman

Anplwayè yo pa oblije peye plis lè:

1. Anplwayè ou fèmen paske: gen menas pou sekirite travayè yo oswa pwopriyete anplwaye a; sèvis piblik tonbe an pàn; transpò piblik pa mache; dife, inondasyon, oswa lòt dezast natirèl; gouvènman an deklare eta ijans.
2. Ou mande pou chanje nan yon peryòd travay espesifik.
3. Ou chanje peryòd travay ak yon lòt anplwaye.
4. Anplwayè ou dwe peye tan sipleman pou peryòd travay yo chanje a.

Depoze yon Plent

Biwo Règleman ak Estanda pou Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) nan Depatman Zafè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) ap mete Fair Workweek Law Vil New York ak lòt lwa travay Vil New York ann aplikasyon.

Pou depoze yon plent ak OLPS, ale sou sitwèb nyc.gov/dca oswa rele 311 (212-NEW-YORK deyò NYC) epi mande pou “Fair Workweek Law.” OLPS pral mennen yon ankèt epi eseye regle plent ou an. **OLPS pral kenbe idantite ou konfidansyèl amwenske li nesèsè pou bay idantite ou pou mennen ankèt la kòm sadwa oswa lalwa egzije sa.**

Ou ka depoze yon aksyon nan tribinal. Men, ou pa ka gen yon plent ak OLPS epi yon reklamasyon nan tribinal an menm tan.

Kontakte OLPS

Ale sou sitwèb nyc.gov/dca, imèl Fww@dca.nyc.gov, oswa rele 311 epi mande ou “Fair Workweek Law.”



Consumer Affairs

Bill de Blasio
Mayor

Lorelei Salas
Commissioner

*Anplwayè ou dwe afiche anons sa a nan nenpòt lang ki se lang prensipal pou omwen 5 pousan travayè yo nan espas travay ou a si li disponib sou sitwèb DCA a.